**REZYUME.** Mazkur maqolada oliy ta'lim tashkilotlari musiqa ta'limi yo'nalishida "An'anaviy xonandalik" fanini o'qitishning usul, shakl, vosita, pedagogik shart-sharoitlari, an'anaviy xonandalikda o'qitishning didaktik ta'minoti hamda o'qtishning kasbiy va pedagogik imkoniyatlari muhokama etilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматриваются метод, форма, средства, педагогические условия обучения «Традиционному пению» в сфере музыкального образования организаций высшего образования, дидактическое обеспечение обучения традиционному пению и профессионально-педагогические возможности обучения.

**SUMMARY.** In this article, the method, form, means, pedagogical conditions of teaching "Traditional singing" in the field of music education of higher education organizations, didactic support of teaching traditional singing and The professional and pedagogical possibilities of training are discussed.

# EKONOMIKALÍQ PÁNLERDI OQÍTÍWDA INTERAKTIV METODLARDAN PAYDALANÍWDÍŃ ÓZGESHELIGI

**(Ulıwma orta bilim beriw mektepleri mısalında)**

**E.T.Tolepov** – *assistent oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar**: iqtisod, metod, interaktiv, bilim, malaka, tajriba, pedagogik texnologiya, natija.

**Ключевые слова:** экономика, метод, интерактив, знания, навыки, опыт, педагогические технологии, результат.

**Key words:** economy, method, interactive, knowledge, skills, experience, pedagogical technologies, result.

Mámleketimizde házirgi waqıtta jaslarǵa tálim hám tárbiya beriwge ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Tálim-tárbiya barlıq waqıtta da jámiyet rawajlanıwınıń tiykarı bolǵan. Sabaq processin shólkemlestiriw oqıtıwshıdan tek tereń bilim ǵana emes, bálkim pedagogikalıq sheberlikke iye bolıwın, sabaq beriwdiń túrli metodların biliwdi hám de óz ústinde tınbay islewdi talap etedi.

Hár bir insannıń turmısında ekonomika áhmiyetli orın iyeler eken, tábiyiy, hár bir adamnan ekonomikalıq pikirlewdi úyreniw talap etiledi. Bazar ekonomikası sharayatında bul talap ele de kúsheyip barmaqta. Jaslarımızdıń ekonomikalıq sawatxanlıǵın asırıw ushın mámleketimizde ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde «Ekonomikalıq bilim tiykarları» hám de «Isbilermenlik tiykarları» pánleri oqıtılıp kelinbekte. Barlıq tarawlarǵa innovaciyalıq ideyalar, pikirler kirip kelmekte. Barlıq pánler sistemasında jańalıqlar, sabaq ótiwdiń jańa usılları, jańa pedagogikalıq texnologiyalar arqalı sabaq procesiniń sapası, mazmunı hám qızıqlılıǵı oqıwshılardıń da dıqqatın ózine tartpaqta. Házirgi kúnde mámleketimizdiń barlıq mekteplerinde óz jumısın alıp barıp atırǵan oqıtıwshılar zamanagóy oqıtıw metodların basqıshpa-basqısh jaratıp, sabaqlardı shólkemlestiriwde hár qıylı interaktiv metodlardan paydalanıp kelmekte.

L.N.Vavilova, T.S.Panina interaktiv oqıtıw usıllarınıń funkciyaları boyınsha úsh gruppaǵa ajıratadı: tartıslı (dialoglı, gruppa talqılawı, ámeliyattaǵı jaǵdaylardı analizlew); oyınlı (didaktikalıq hám dóretiwshilik oyınları, sonday-aq biznes hám rol oynaw, shólkemlestirilgen hám iskerlik oyınları); treningli (kommunikativ treningler, sezgirlik treningler) [1].

Oqıtıwdıń zamanagóy metodların qollaw oqıtıw procesinde joqarı nátiyjelilikke erisiwge alıp keledi. Bul metodlardı hár bir sabaqtıń didaktikalıq wazıypasınan kelip shıǵıp tańlaw maqsetke muwapıq boladı. Dástúriy sabaq túrin saqlap qalǵan halda onı bilim alıwshılar iskerligin aktivlestiretuǵın hár túrli metodlar menen bayıtıw, bilim alıwshılardıń ózlestiriw dárejesiniń ósiwine alıp keledi.

Interaktiv metodtı qollanıwda eń baslı roldi oqıtıwshınıń ózi atqaradı. Bir qatar rawajlanǵan mámleketlerde tálim-tárbiya procesiniń nátiyjeliligine kepillik beriwshi zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardı qollaw boyınsha úlken tájiriybe tiykarların shólkemlestiriwshi metodlar interaktiv metodlar ataması menen atalıp kelinbekte. Interaktiv metodlar házirgi waqıtta eń kóp tarqalǵan hám barlıq túrdegi bilimlendiriw tarawlarında keń qollanılıp atırǵan metodlardan esaplanadı. Sonıń menen birge, interaktiv metodlardıń túrleri kóp bolıp, tálim-tárbiya procesiniń derlik barlıq wazıypaların ámelge asırıw maqsetleri ushın sáykesleri házirgi waqıtta ámelde qollanılıp kelinbekte. Innovacion texnologiyalar pedagogikalıq process hám de oqıtıwshı hám oqıwshı arasında jańalıq, ózgerisler kirgiziw bolıp, onı ámelge asırıwda tiykarınan interaktiv metodlardan paydalanıladı.

Ulıwma bilim beretuǵın orta mekteplerde "Ekonomikalıq bilim tiykarları" hám "Isbilermenlik tiykarları" páni oqıwshılarǵa talap hám usınıs nızamı, islep shıǵarıw hám onıń faktorları, tutınıwshılardıń dáramatları hám qárejetleri, ekonomikalıq qarar qabıl etiw, isbilermenliktiń mazmun mánisi, jeke tártiptegi isbilermenlik, mikrofirma ham kishi kárxanalar, salıqlar haqqında, marketing haqqında, miynet resursları, bank kreditleri hám basqa da tiykarǵı túsinikler úyretilip barıladı. Bul oqıwshılarǵa

ekonomikanıń qalay islewin, bazarǵa qanday faktorlar tásir etiwin hám turmısta qanday ekonomikalıq qararlar qabıl etiwin túsiniwine, byudjetti basqarıw, procentlerdi túsiniw, kredit hám investiciyalar uqsaǵan turmıstıń finanslıq tárepl erin túsinip barıwlarına járdem beredi. Bul kónlikpeler jaslarımız qaysı tarawdı iyelesede, keleshekte qıyın ekonomikalıq jaǵdaylardı túsiniwge járdem beretuǵın qararlar qabıl etiw hám de tabıslı finanslıq turmıs súriwi ushın júdá áhmiyetli bolıp esaplanadı. Sonıń ushın «Ekonomikalıq bilim tiykarları» hám de «Isbilermenlik tiykarları» pánlerin interaktiv metodlar hám texnologiyalardan paydalanǵan halda hár bir temaǵa sapalı túrde bilim berip barıw oqıwshılardıń tez hám ańsat túsiniwine imkaniyat jaratadı.

Bunda «Ekonomikalıq bilim tiykarları» yamasa «Isbilermenlik tiykarları» pánine kóplegen metodlardan paydalanılsa boladı. Ásirese, rolli oyınlar metodınan paydalanılsa maqsetke muwapıq boladı. Bunda oqıwshılar isbilermen, tutınıwshı yamasa mámleketlik xızmetkerler rollerin atqarıwı múmkin. Rolli oyınlar metodınan paydalanıwda "Ayırbaslaw hám pul", "Sheklengenlik mashqalası", "Bazar qatnasıwshıları", "Isbilermenlik", "Firmanı basqarıw-menejment", "Marketing", "Jeke tártiptegi isbilermenlik" hám taǵı basqa da temalardı mısal sıpatında keltirip ótsek boladı. Temalar álbette real turmısqa baylanıslı bolıwı kerek. Rol arqalı oqıwshılar ózleriniń keleshektegi iskerligin kóz aldılarına keltiredi. Bul metod shınıǵıw dawamında qısqa waqıt ishinde temanı nátiyjeli ózlestiriwlerine alıp keledi. Baqlap otırǵan oqıwshılar sabaqtan keyin tema ústinde tartısıwlar júrgiziwleri ushın ayırım máselelerdi juwapsız qaldırıw hám wazıypa sıpatında beriw de múmkin. Bul metodta oqıwshılar tómendegi bilim hám kónlikpelerge iye boladı: islep shıǵarıw menen baylanıslı máseleler túsiniklerge iye boladı, tájiriybelerin arttıradı; topardaǵı bir xızmetker xarakterin yamasa pikirin basqa adamǵa tásir etiwin túsinip jetedi; jaǵdaylar boyınsha óz betinshe qararlar qabıllaw hám óz pikirlerin ayta alıw qábiletine iye boladı; jaǵdaydı analizlewdi úyrenedi; jaǵdaydan shıǵıw jobasın hám strategiyasın islep shıǵıwdı úyrenedi.

N.I.Suvorova interaktiv metodta oqıtıw waqtında jumıslardı individual, juplıq, toparlarǵa ajıratadı. Oqıwshılardıń jumıslarına úlken dıqqat awdarıp, avtor olardıń túrlerin sanap ótedi, mısalı, "Úlken sheńber", "Vertushka", "Akvarium", "Aqılıy hújim", "Debat" [2].

«Úlken sheńber» úsh basqıshta ámelge asırıladı:

➢ Birinshi basqısh. Topar mashqala menen tanısadı.

➢ Ekinshi basqısh. Arnawlı bir waqıt dawamında (shama menen 10 minuta) topardıń hár bir aǵzası óz aldına, mashqalanı sheshiw ushın usınıs etilgen iláјlardı óz qaǵazlarına belgileydi.

➢ Ushinshi basqısh. Sheńber ishinde hár bir qatnasıwshı óz usınısların oqıydı, topar tınısh tıńlaydı (sın pikir bildirmeydi) hám hár bir bánt boyınsha dawıs beredi.

"Úlken sheńber" metodı mashqalanı sheshiw jolların yamasa bul sheshimniń strukturalıq bólimlerin tez anıqlaw múmkin bolǵan jaǵdaylarda eń maqulı bolıp tabıladı. Bul metodqa 9-klass «Ekonomikalıq bilim tiykarları» pánindegi "Miynet bazarı hám jumıssızlıq" teması oǵada tuwra keledi.

«Vertushka» metodında toparlarǵa material tarqatıladı hám hár bir topar jeke tártipte tuwrı juwaplardı jazıp belgileydi. Keyin bul materiallar toparlarǵa aralastırılıp beriledi, jáne belgilenedi. Toparlar sanına qarap aylanǵannan keyin oqıtıwshı hám oqıwshılar menen birgelikte tuwrı juwap belgilenedi. Alıp barıw texnologiyası: Bul metodtı alıp barıw ushın A4 formattaǵı aq list qaǵazı hám de temaǵa baylanıslı kórgizbeli qurallar kerek boladı. Oqıwshılar úsh toparǵa ajıratıladı, A4 formattaǵı qaǵazǵa 8-klass «Ekonomikalıq bilim tiykarları» paninen "sheklengenlik mashqalası" temasınan sorawlar túsiriledi: mútájlik; ekonomikalıq resurslar; erkin ónimler; ekonomikalıq ónimler; sheklengenlik mashqalası. Bulardıń barlıǵına topar aǵzaları oylasqan halda tuwrı juwapların jazıp belgilep beredi, keyin bul sorawlar basqa toparlarǵa almastırıp berilip topar aǵzaları ózleriniń pikirlerin jazıp belgilep beredi. Eń sońında oqıtıwshı menen birgelikte bul sorawlardıń anıq durıs juwapları belgilenedi hám topar aǵzaları bahalanadı.

«Akvarium» - tálim processinde bul texnologiyanı qollanıwdan maqset oqıwshını belgili bir mashqala boyınsha pikirlew, óz pikirin bildiriw, mashqalanı sherigi menen birgelikte talqılawǵa úyretiwden ibarat. Metodtı qollawda tómendegi shólkemlestiriw háreketleri quraydı: [3]

Klassta stullardan ibarat eki sheńber shólkemlestiriledi; 1-sheńberde sırtqa, 2-sheńberde bolsa ishki tárepke qarap jaylastırıladı

↓

Oqıwshılar eki toparǵa bólinip, 1-topar stullar sırtqa qaratıp qoyılǵan sheńberden, 2-topar bolsa stullar ishki tárepke qaratıp qoyılǵan sheńberden orın aladı

↓

1-topar (sırtqı sheńber)daǵılar "Analiz etiwshiler", 2-topar (ishki stullar)daǵılar "baqlawshılar" rolin atqaradı

Sırtqı sheńberdegi oqıwshılarǵa talqılaw ushın soraw beriledi
Mısalı: Ne ushın ayırım bazarlarda monopoliya júzege keledi?
Awıl xojalıǵında hám de qalalarda jasap atırǵan shańaraqlar mútájlikleriniń hár túrli bolıwı sebepleri.

*Metodtı qollaw tártibi tómendegishe:*

Oqıwshılar oylap alǵanlarınan soń sorawdı shep tárepinde otırǵan sherigi menen 1-2 minut talqılaydı

Oqıtıwshınıń kórsetpesi menen "analizlewshiler" (sırtqı sheńberdegiler) bir orınlıq shetke jılıp, sol sorawdı jańa sherigi menen talqılaydı

"Analizlewshiler" orın almastırıwda 1-sheriklerine jaqınlasqanlarına shekem yamasa jańa sherikler bolǵanına shekem sorawdı talqılawdı dawam etedi

Túsindirme: Analizlewshilerdiń tiykarǵı wazıypası soraw haqqında talqılawdı dawam etiw, “baqlawshılardıń”dıń tiykarǵı wazıypası bolsa 1-topar (“Analizlewshiler”) jumısların baqlap bahalawdan ibarat.

«Aqlıy hújim» metodı járdeminde islengen shınıǵıwlar processinde qálegen mashqalalarǵa qaray bir neshe original sheshimlerdi tabıw imkaniyatı payda boladı. “Aqlıy hújim” metodı saylap alınǵan temalar sheńberinde belgili bir qádiriyatlardı anıqlaw hám alternativ bolǵan ideyalardı saylaw ushın shárayat jaratadı.

Sabaq processinde “Aqlıy hújim” metodınan paydalanıwda tómendegi qaǵıydalarǵa ámel qılıw talap etiledi:

1. Oqıwshılardı mashqala sheńberinde keń pikir júrgiziwine jollandırıw, olardıń logikalıq pikirlerdi bildiriwine erisiw.

2. Hár bir oqıwshı tárepinen bildirilip atırǵan pikirler xoshametlenip barıladı. Bildirilgen pikirler arasınan eń maqulları saylap alınadı. Pikirlerdiń xoshametleniwi náwbettegi – jańa pikirlerdiń payda bolıwına alıp keledi.

3. Hár bir oqıwshı óziniń jeke pikirlerine tiykarlanıwı hám olardı ózlestiriwi múmkin. Aldın bildirilgen pikirlerdi ulıwmalastırıw, gruppalastırıw yamasa olardı ózgertiw ilimiy tiykarlanǵan pikirlerdiń payda bolıwına imkan jaratadı.

4. Sabaq processinde oqıwshılardıń sabaqqa qatınasın standart talaplar tiykarında baqlaw, olar tárepinen bildirilip atırǵan pikirlerdi bahalawǵa jol qoyılmaydı. Olardıń pikirleri bahalanıp barılsa, oqıwshılar dıqqatların jeke pikirlerin qorǵawǵa qaratadı, soń, jańa pikirler alǵa súrilmeydi. Metodtı qollawdan kózlengen tiykarǵı maqset oqıwshılardıń qoyılǵan mashqala boyınsha hár tárepleme keń pikirler bildiriwine úndew ekenligin yadta tutqan halda háreketin bahalap barıwdan waz keshiw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı [4].

Mısal ushın bul aqlıy hújim metodınan «Ekonomikalıq bilim tiykarları» hám «Isbilermenlik tiykarları» pánleriniń barlıq temalarında paydalansaq boladı. Ekonomikalıq bilim tiykarları páninde «Jalpı dóramat. Payda hám ziyan» temasına mısal keltirip tómendegilerdi kóriwimiz múmkin:

- payda menen dáramattıń qanday ayırmashılıǵı bar?

- paydanıń isbilermenlik ushın áhmiyetliligin kórsetiwshi eki faktordı aytıń?

- firmanıń ekonomikalıq jaǵdayın nelerden biliwimiz múmkin?

- tovar bahasın túsirip te paydanı kóbeytiw múmkinbe?

- firmanıń paydası qanday maqsetlerde isletiledi? usı sıyaqlı sorawlardı bersek olardıń sabaq waqtında berilgen sorawlarǵa oylanıwǵa iytermelegen bolamız. Demek, «Ekonomikalıq bilim tiykarları» hám «Isbilermenlik tiykarları» sabaqlarında bul metod arqalı temanı elede bekkemlewge erisken bolamız.

«Debat» metodı (francuz tilinen alınǵanda “debattere” sózinen alınǵan bolıp, “debats” “tartısıw”) jiynalıs yamasa shınıǵıwlarda qandayda bir tema haqqında qatnasıwshılar arasında óz ara tartıs shólkemlestiriw, olardıń pikir almasıwların támiyinlewge xızmet etedi [5].

Bul metodtıń maqseti óz ara tartısıw tiykarında anıq sheshimlerdi júzege shıǵarıw bolıp tabıladı. Klass eki gruppaǵa bólinip, 1-gruppa temanıń unamlı táreplerin, 2-topar ózine tán kemshiliklerdi aytıwları kerek boladı.

Ekonomikalıq joybarlardı islep shıǵıw hám ámelge asırıw, biznes-reje dúziw yamasa bazar izertlewlerin ótkeriw, yaǵnıy, bazardı úyrenip qaysı tovarlarǵa talap joqarı qaysılarına talap tómen dárejede ekenligin úyrenip shıǵıw. Oqıwshılar arasındaǵı bunday tartıslar, ekonomikalıq mashqalalar hám de tartıslı máselelerdi talqılap, bul jerde oqıwshılar ózleriniń túrli kózqarasların, pikirlerin usınadı hám óz poziciyaları haqqında óz ara diskussiya júrgizedi.

Juwmaqlap aytqanda, sabaq ótiw processinde tálimniń interakriv metodlarınan únemli paydalanıw, ótilgen materiallardı jaqsı eslep qalıwǵa, óz betinshe pikirley alatuúın oqıwshınıń qáliplesiwine járdem beredi. Oqıwshılar interaktiv metodlar járdeminde ekonomikada júz beretuǵın real processlerdi túsinip baradı. Interaktiv metodlardıń tiykarǵı ústinligi sonda – teoriyalıq bilimlerdi ámeliyatta qollay alıw qábiletine iye boladı. Ekonomikalıq pánlerde interaktiv metodlardan paydalanıw házirgi waqıtta keń tarqalǵan bolıp, bul metodlar oqıwshılardıń óz ústinde islewine, durıs pikirlewine, keleshekte turmısta tuwrı ekonomikalıq qararlar qabıl etiwlerine járdem beredi.

## Ádebiyatlar


1. Панина Т.С., Вавилова Л.Н. Современные способы активизации обучения. -М.: «Академия», 2008. –С. 176.
2. Суворова Н. Интерактивное обучение: новые подходы. -М.: «Учитель», 2000. № 1. -С. 25-27.
3. Interfaol metodlar: mohiyati va qo‘llanilishi. Metodik qo‘llanma. D.Ro‘zieva, M.Usmonboyeva, Z.Xolipova. – Toshkent: Nizomiy nomidagi TDPU nashriyoti, 2013. 11-b.
4. Tolipov U.Q., Usmonboeva M. Pedagogik texnologiyalarning tatbiqiy asoslari. –T.: «Fan» 2006. 155-b.
5. Interfaol metodlar: mohiyati va qo‘llanilishi. Metodik qo‘llanma. D.Ro‘zieva, M.Usmonboyeva, Z.Xolipova. -Toshkent: Nizomiy nomidagi TDPU nashriyoti, 2013. 23-b.

**REZYUME.** Maqolada iqtisod darslarida qo‘llanilishi mumkin bo‘lgan interfaol usullar muhokama qilinadi. Interfaol usul o‘quv jarayonida o‘quvchilar va o‘qituvchi o‘rtasidagi faollikni oshirish orqali o‘quvchilarning bilimlarni o‘zlashtirishini kuchaytirish, shaxsiy fazilatlarni rivojlantirishga xizmat qiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится об интерактивных методах, которые можно применять на уроках экономических наук. Интерактивный метод-служит для активизации усвоения учащимися знаний, развития личностных качеств посредством повышения активности между учащимися и учителем в процессе обучения.

**SUMMARY.** The article will focus on interactive methods that can be used in economics lessons.The interactive method is used to activate the assimilation of knowledge by students, the development of personal qualities by increasing the activity between students and the teacher in the learning process.

## «TRANSPORT MASALASINI DASTLABKI YECHIMINI ANIQLASH USULLARI» MAVZUSIDA BUMERANG METODIDAN FOYDALANISH ORQALI TALABALARNI FAOLLASHTIRISH METODIKASI

**F.Yusupov** – *texnika fanlari nomzodi, dotsent*

*Muhammad al-Xorazmiy nomidagi TATU Urganch filiali*

**D.F.Yusupov** – *pedagogika fanlari bo‘yicha falsafa doktori*

*Urganch innovatsion universiteti*

**L.S.Raximova** – *assistent o‘qituvchi*

**D.Z.Xaitbayeva** – *assistent o‘qituvchi*

*Muhammad al-Xorazmiy nomidagi TATU Urganch filiali*

**Tayanch so‘zlar:** interfaol metod, algoritm, bumerang, aqliy hujum, pedogogik texnologiya, transport masalasi.

**Ключевые слова:** иинтерактивный метод, алгоритм, бумеранг, мозговой штурм, педагогическая технология, транспортная задача.

**Key words:** interactive method, algorithm, boomerang, brainstorming, pedagogical technology, transportation problem.

**Kirish.** Hozirgi kunda davlatimiz tomonidan pedagoglarning darslarga ijodiy yondashishini ta’minlash, ular faoliyatiga ilg‘or pedagogik va axborot kommunikatsiya texnologiyalarini keng joriy qilish hamda o‘quvchilarning kasbiy faoliyat boyicha bilimlarni egallash poydevori mustahkam bo‘lishi, barcha fanlarni o‘zlashtirishga qiziqishini oshirish maqsadida zarur chora-tadbirlar ishlab chiqilib, tatbiq etib kelinmoqda. «O‘zbekiston Respublikasi Xalq ta’limi tizimini 2030-yilgacha rivojlantirish» konsepsiyasida asosiy yo'nalishlar belgilab qo‘yilgan, jumladan: - O‘zbekiston Respublikasining 2030-yilga kelib PISA (The Programme for International Student Assessment) Xalqaro miqyosda o‘quvchilarni baholash dasturi reytingi bo‘yicha jahonning birinchi 30 ta ilg‘or mamlakati qatoriga kirishiga erishish; Uzluksiz ta’lim tizimi mazmunini sifat jihatdan yangilash; O‘qitish metodikasini takomillashtirish, ta’lim-tarbiya jarayoniga individuallashtirish tamoyillarini bosqichma-bosqich tatbiq etish [1].

Bugungi kunda axborot texnologiyalarining ta’lim jarayoniga kirib kelishi pedagogikada yangi ta’lim metodlari va texnologiyalarini joriy etishni taqazo etadi. Yangi pedagogik texnologiya mazmuni o‘quv maqsadlarini nazarda tutgan texnologik ishlanmalar, o‘ziga xos mavzuni tushuntirish usullari, internet tizimi va elektron darsliklar, test topshiriqlari, to‘liq o‘zlashtirish texnologiyalari va interfaol metodlar bilan bog‘liq jarayonlarni nazarda tutadi. Jumladan Interfaol metod – ta’lim jarayonida o‘quvchilar bilan hamkorlikda pedagoglar o‘rtasidagi (ustoz-shogird tamoyili) faollikni oshirish orqali o‘quvchilarning bilimlarni o‘zlashtirishini faollashtirish, shaxsiy sifatlarini rivojlantirishga xizmat qiladi. Interfaol metodlarni qo‘llash dars samaradorligini oshirishga yordam beradi. Interfaol ta’limning asosiy mezonlari: norasmiy bahs-munozaralar o‘tkazish, o‘quv materialini erkin bayon etish va ifodalash imkoniyati, o‘quvchilar tashabbus ko‘rsatishlariga imkoniyatlar yaratilishi, kichik guruh, katta guruh, sinf jamoasi bo‘lib ishlash uchun topshiriqlar berish, yozma ishlar bajarish va boshqa metodlardan iborat bo‘lib, ular ta’lim-tarbiyaviy ishlar samaradorligini oshirishda o’ziga xos ahamiyatga ega [2-11].

**Adabiyotlar tahlili.** 2016-yil Campus Technology o‘qituvchilari o‘rtasida "Texnologiyalarni qo‘llab dars o‘tish" mavzusida so‘rovnoma o‘tkazilib, bunda 71% o‘qituvchilar an’anaviy ta’lim bilan birga onlayn manbalardan foydalanishini aytganlar. Elektron ta’lim (adaptiv ta’lim, onlayn ta’lim modullarini qo‘llash) afzalliklarini an'anaviy ta’lim ijtimoiy texnologiyalari va media resurslarini birgalikda qo‘llanilishida ko‘rishimiz mumkin.

D.A.Zaripova «Efficiency of using «Network boomerang» technology for lectures on «Information technology in education» for students of higher educa-